**दिन–सोमवार** **दिनांक–06.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनाव दू चरण मे होयत। मुख्यम निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार आइ नव दिल्ली मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन में चुनाव कार्यक्रमक घोषणा कएलनि। ओ जनौलनि जे पहिल चरणक मतदान छओ नवम्बर कऽ आ दोसर चरणक मतदान एगारह नवम्बर कऽ होयत। मतक गिनती चौदह नवम्बर कऽ होयत। पहिल चरण मे एक सय एक्कैस सीटक लेल वोट खसाओल जायत, जखनकि दोसर चरण मे एक सय बाइस सीटक लेल मतदान होयत। चुनाव कार्यक्रमक घोषणाक संगहि बिहार मे आदर्श आचार संहिता लागू भऽ गेल अछि।

–––बाइट–––

मुख्य निर्चाचन आयुक्त जनौलनि जे राज्य मे सात करोड़ तैंतालीस लाख मतदाता सभक लेल नब्बे हजार सात सय बारह पोलिंग बूथ स्थापित कयल जाएत। ओ कहलनि जे आयोग बिहार मे स्वतंत्र आ निष्पक्ष आ पारदर्शी चुनाव करेबा लेल प्रतिबद्ध अछि।

---

मुख्य निर्वाचन आयुक कहलनि जे पहिल बेर प्रत्येक निर्चाचन क्षेत्र मे एक सामान्य प्रर्यवेक्षक नियुक्त कयल जायत जे आयोगक आँखि आ कानक रूप मे काज करत। श्री कुमार कहलनि जे सभ मतदान केन्द्र पर वेबकास्टिंग कराओल जायत ताकि चुनाव प्रक्रिया पर पूरा निगरानी राखल जा सकए। श्री कुमार कहलनि जे जिलाधिकारी आ पुलिस अधीखक सभ के निर्देश देल गेल अछि जे कोनो तरहक हिंसा कदापि बर्दाश्त नहि कयल जायत। ओ जनौलनि जे राज्य मे पर्याप्त केन्द्रीय सशस्त्र बल तैनात कयल जायत आ विभिन्न निरीक्षण बिन्दुसभ पर कड़गर निगरनी राखल जायत जाहि सँ नशायुक्त पदार्थ, नकदी आ शराबक अवैध आवाजाही पर रोक लगाओल जा सकए।

---

बिहार विधानसभा चुनावक घोषणाक विभिन्न राजनीतिक दल स्वागत कयलक अछि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे पार्टी आ एनडीए चुनाव के लऽकऽ पूरा तरहें तैयार अछि। ओ दावा कएलनि जे एनडीए के चुनाव मे भारी बहुतम भेए जा रहल अछि। एम्हर, राष्ट्रीय जनाता दलक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे चुनाव आयोग के घोषणाक ओ स्वागत करैत छथि। ओ कहलनि जे राजयक लोक सभ एहि बेर परिवर्तन के मन बना लेलक अछि आ एहि बेर महागठबंधनक सरकार बनऽ जा रहल अछि।

ओतहि, कांग्रेस वरिष्ठ नेता आ सांसद रंजीत रंजन कहलनि जे महागठबंधन चुनाव के लऽकऽ पूर तरहें तैयार अछि। घटक दल सभक मध्य सीटक बंटवाराक प्रक्रिया अंतिम दौर मे अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आई पटना मेट्रो रेल सेवाक पहिल चरणक उद्घाटना कएलनि। ओ न्यू पाटलिपुत्र बस टर्मिनल सँ भूतनाथ स्टेशन धरिक यात्रा कयलनि। लगभग तीन दशमलव छओ किलोमीटर नम्हर एहिवेटेड मेट्रो कॉरिडोरक पहिल चरणक नाम प्रायोरिटी कॉरिडोर देल गेल अछि। एहि चरण मे मेट्रो सेवा अंतरराज्यीय बस टर्मिनल सँ भूतनाथ स्टेशन धरि संचालित होयत। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी फरवरी दू हजार उन्नैस मे मेट्रो रेल परियोजनाक निर्माण कार्यक शुभारंभ कयने छलाह।यात्री सभक लेल मेट्रो यात्रा काल्हि सँ आरंभ होयत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रत्यक्ष लाभ अंतरणक माध्यम सँ मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत एक्कैस लाख महिला लोकनि के दस–दस हजार टाका अंतरित

कयलनि। मुख्यमंत्री महिला लाभर्थी सभ के खाता मे कुल दू हजार एक सय करोड़ टाका अंतरित कयलनि। एहि योजनाक अंतर्गत तेसर बेर राशि लाभार्थी सभ के खाता मे पठाओल गेल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी छब्बीस सितम्बर कऽ नव दिल्ली सँ वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ एहि योजनाक शुभारंभ कयने छलाह। बिहार मे एहि योजनाक लेल एक कराड़ दस लाख सँ बेसी महिला लाभार्थी सभक चयन कयल गेल अछि। ग्रामीण विकास विभागक एहि योजनाक उद्‌देश्य महिला सभ के उद्यमिता सँ रोजगार के प्रोत्साहन देब अछि। ई योजना स्वयं सहायता समूहक माध्यम सँ चलाओल जा रहल अछि।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आ राज्यक अधिकतर भाग मे भेल भारी वर्षाक बाद बाढ़िक स्थिति गंभीर भऽ गेल अछि। कोसी नदी जलस्तर मे अप्रत्याशित वृद्धि के बाद सुपौल जिलाक छओ प्रखंड बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे सुपौल सदर, बसंतपुर, निर्मली, सरायगढ़–भपटियाही, किशनपुर आ मरौना प्रखंड एक हजार सँ बेसी घर मे बाढ़िक पानि प्रवेश कऽ गेल अछि।

———————————————————————

आइ शरद पूर्णिमा अछि। मिथिलांचल मे आजुक दिन कोजगराक रूप मे मनाओल जाइत अछि। विशेष कऽ नवविवाहिता वरक लेल विशेष चुमाओन, विशेष आशीर्वादक रूप मे होयत अछि।

———————————————————————————

समाप्त